



Kesyon yo poze souvan sou Dezyèm Tablo Plan Ajan Pi Ba Pri a
(Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP)

Kesyon yo poze souvan sa yo se sèlman pou moun ki resevwa 1095-A eki te enskri nan plan sante san asistans finansyè e ki gen pou yo idantifye SLCSP yo sou Tablo SLCSP Chak mwa.

- 1. Mwen te enskri nan yon plan sante an fevriye 2021 epi lè mwen te marye an jen 2021 mwen te ajoute mari/madanm mwen nan plan sante mwen. Youn nan nou pa te gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal nou?**

Si ou marye, Kategori Pwoteksyon Familyal ou ap chanje mwa kote ou ajoute madanm/mari ou nan plan ou an. Pa egzanp, si ou te marye 12 jen epi ou te ajoute mari/madanm ou nan plan ou kòmanse an Jiyè, nouvo Kalite Fanmi Pwoteksyon ou an ap kòmanse an jiyè. Pandan mwa fevriye, mas, avril, me ak jen, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Endividyèl.” Apati mwa jiyè, Kategori Pwoteksyon Familyal an se “Koup.”

Si ou pa te ajoute madanm/mari ou nan plan ou an jiska mwa out, Kategori Pwoteksyon Familyal ou pap chanje jiska mwa out.

- 2. Patnè mwen nan kay ak mwen te enskri nan pwoteksyon ansanm nan mwa fevriye. Nou te marye nan mwa jiyè epi te rete enskri nan menm plan sante a. Youn nan nou pa gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal nou?**

Kategori Pwoteksyon Familyal lan baze sou stati ou te genyen premye jou nan mwa a.

Pou mwa fevriye rive jiyè, oumenm ak patnè ou nan kay nou chak genyen Kategori Pwoteksyon Familyal “Endividyèl.” Apati mwa out epi apre, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Koup.” Paske moun ki ansanm men men ki pa marye yo pa ka deklare taks ansanm, ou menm ak moun sa a gen fanmi taks separe epi yo konsidere nou kòm fanmi pwoteksyon separe. Chak nan ou pral gade nan kolòn “Endividyèl” sou tablo SLCSP a.

- 3. Madanm/mari mwen avèk mwen te enskri nan yon plan sante nan mwa mas 2021 epi nou te divòse nan mwa setanm 2021. Youn nan nou pa te gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal mwen?**

Si ou divòse epi ou retire ansyen madanm/mari nan polis asirans ou an, Kategori Pwoteksyon Familyal ou chanje apati mwa ansyen madanm/mari ou pa sou polis ou a. Pa egzanp, si septanm se dènye mwa madanm/mari ou sou plan sante ou la, soti mas rive septanm Kategori

Pwoteksyon Familyal ou se “Koup.” Apati mwa oktòb, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “endividyel”.

Si ou te divòse epi ou pa te retire ansyen madanm/mari sou polis asirans ou a, tanpri ale gade sa yo di pou fè nan Fòm 8962. Pa bliye asire ou pou rafrechi enfòmasyon sou kont NY State of Health ou a pandan ane a si ou gen chanjman nan salè oswa lòt sikonstans.

4. Mwen menm ak mari/madanm mwen te enskri nan yon plan sante an mas 2021. Nan mwa dawou 2021, nou te fè yon tibebe epi nou te ajoute li nan plan sante nou nan mwa sa a. Youn nan nou pa te gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal nou?

Pandan mwa kote se te oumenm ak patnè ou ki te enskri, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Koup.” Pou mwa kote nou tou letwa te enskri nan pwoteksyon an, Kategori Pwoteksyon Familyal ou vin “Koup + Timoun.” Nan egzanp sa, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Koup” pou mwa mas rive jiyè epi vin “Koup + Timoun” pou mwa Out ak apre.

Si pitit ou pa te gen pwoteksyon jiska mwa septanm, Kategori Pwoteksyon Familyal ou pa t ap chanje jiska mwa septanm.

5. Kat (4) pitit mwen yo enskri nan plan sante an 2021 nan NY State of Health san èd finansyè. Yo pa gen lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Pa gen okenn lòt moun nan kay la ki enskri nan NY State of Health. Ki kolòn pou mwen itilize pou kalkile Plan Ajan ki Koute Mwen Chè an Dezyèm nan?

Premyèman, idantifye kote pitit ou yo te abite chak mwa. Apresa, chèche montan prim chak mwa pou "Timoun Sèlman" pou konte sa a. Multipliyè montan sa a pa 4 pou kalkile pri Plan Ajan ki Koute Mwen Chè an Dezyèm nan (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) pou tout 4 timoun yo.

Kantite Lajan Prim Asirans pa Mwa pou Timoun Sèlman se frè pou peye pou chak timoun, pou timoun ki poko gen laj 21 ane. Si se yon sèl timoun ki nan asirans kay la, itilize Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans la ki endike a pou jwenn SLCPS la. Si se sèlman de timoun ki nan asirans kay la, multipliyè Kantite Lajan pa Mwa pou Pèman Asirans Timoun Sèlman an pa de.

6. Mwen se sèl moun nan fanmi mwen ki enskri nan yon plan sante nan NY State of Health nan mwa fevriye 2021 epi mwen pa gen okenn lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm. Nan mwa jiyè 2021, mwen te kite Konte Albany pou ale viv nan Konte Franklin. Kijan pou m jwenn bon prim SLCSP chak mwa?

Kategori Pwoteksyon Familyal lan baze sou kote ou t ap viv nan premye jou nan mwa a epi prim SLCSP a ap chanje mwa apre ou demenaje. Dabò, gade prim SLCSP yo pou

Kategori Pwoteksyon Familyal Endividyèl. Apre gade prim SLCSP pou Konte Albany pou mwa fevriye rive jiyè. Pou mwa out ak apre, itilize prim SLCSP pou Konte Franklin.

- 6. Madanm/mari mwen, de (2) timoun nou yo, ak mwen enskri nan yon plan sante atravè NY State Sante. Mwen ak Madanm/mari mwen Madanm/mari mwen ap viv nan Konte Dutchess. Timoun nou yo ale nan kolèj nan Konte Hamilton. Ki konte nou gade pou prim SLCSP nou an?**

Si kontribiyab prensipal la enskri, ou dwe itilize SLCSP a pou konte kontribiyab prensipal la. Nan ka sa, kote paran yo se kontribiyab prensipal, yo dwe itilize prim SLCSP la pou Konte Dutchess.

- 7. De (2) timoun nou yo, enskri nan yon plan sante atravè NY State of Health, men mwen pa enskri. M ap viv nan Konte Dutchess epi timoun mwen yo ale nan kolèj nan Konte Hamilton. Ki konte mwen itilize pou prim SLCSP pa yo a?**

Nan senaryo tankou sa, kote kontribiyab prensipal la (paran) pa enskri nan yon plan sante, SLCSP a se adrès rezidans manm prensipal la. Nan ka sa, prim SLCSP a tap prim pou kèlkeswa konte timoun yo itilize kòm adrès rezidans prensipal yo chak mwa.

- 8. Mwen menm ak madanm/mari mwen enskri nan yon plan sante atravè NY State of Health san asistans finansyè nan mwa Janvyè. Nan mwa jen, madanm/mari mwen te resevwa Medicare Part A men te kenbe plan NY State of Health li a. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal nou?**

Pandan mwa kote nou toulede te enskri nan yon plan NY State of Health epi ni oumenm ni madanm/mari ou pa te gen Medicare, ki se lòt Pwoteksyon Esansyèl Minimòm, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Koup.”

Pandan mwa yo kote nou toulede to enskri nan yon plan NY State of Health epi madanm/mari ou te gen Medicare Part A, Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Endividyèl” paske yo konsidere Medicare Part A kòm Pwoteksyon Esansyèl Minimòm.

- 9. Mwen ak Madanm/mari mwen te refize kouvèti asirans sante nan men patwon mwen epi nou te enskri nan yon plan sante atravè NY State of Health. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal nou?**

Nan senaryo sa a, Kategori Pwoteksyon Familyal ou ap depann sou wi oswa non Asirans Patwon an peye pou li a (ESI) te bon mache epi si li te founi Valè Minimòm. Si ESI a pa te bon mache oswa pa te founi Valè Minimòm, Kategori Pwoteksyon Familyal ou an se Koup. Si ESI ou an te bon mache oswa te founi Valè Minimòm, ou kalifye pou Kredi nan Taks Prim lan.

Pou ou konnen si pwoteksyon ou an te bon mache oswa te founi Valè Minimòm, tanpri konsilte kesyon 8 ak 9 nan IRS la sou Kredi Enpo sou Prim lan:

<http://www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families/Questionsand-Answers-on-the-Premium-Tax-Credit>

10. Mwen ak Madanm/mari mwen nou deklare pitit adilt nou an kòm yon depanndan. Nou tout enskri nan plan sante separe nan NY State of Health. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal nou?

Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Koup + Timoun.”

11. Mwen enskri nan yon plan sante atravè NY State of Health. Madanm mwen enskri nan Medicaid. Ki Kategori Pwoteksyon Familyal mwen?

Kategori Pwoteksyon Familyal ou se “Endividyèl.”

12. Poukisa patnè m nan kay ak mwen gen fanmi pwoteksyon separe?

Paske viv nan kay ansanm pa yon stati pou deklarasyon enpo sou revni, oumenm ansanm ak patnè ou twouve nou nan fwaye apa epi yo konsidere kòm fanmi pou pwoteksyon separe. Y ap mete nou chak nan kolòn “Endividyèl” la sou tablo SLCSP.

13. Mwen bezwen itilize tablo SLCSP chak Mwa pou idantifye prim SLCSP mwen. Mwen konnen kilès ki te kouvri sou polis mwen an, men mwen pa konnen kilès nan moun sa yo sou enpo fanmi an.

Pou ka konnen kilès moun ki nan pwoteksyon familyal ou a, ou dwe tou dabò konnen enpo familyal ou. IRS la detèminen “enpo fanmi” nan sa li di pou fè pou Fòm 8962. Si ou gen plis kesyon sou kilès ki nan enpo fanmi ou, tanpri ale sou www.irs.gov oswa ale kote konseye ou nan zafè taks.

14. Si mari oswa madanm mwen enskri nan yon plan ak pitit mwen yo, kijan n ap fè konnen si nou dwe itilize montan prim ki nan "Timoun Depanndan anba 26 lane" oswa montan prim ki anban "Timoun Depanndan ant 26 ak 29 lane" an?

Si pitit ou ki depanndan nan taks poko gen 26 lane, itilize montan ki anban "Timoun Depanndan anba 26 lane a". Si pitit ou ki depanndan nan taks gen ant 26 ak 29 lane, itilize montan ki anban "Timoun Depanndan ant 26 ak 29 lane" an.